



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 8/13/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO KONSEYE FÒTMAN POU NOUYÒKÈ YO PRAN PREKOSYON PANDAN GWO TANPÈT ZÈKLÈ AK LORAJ YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te konseye fòtman jounen jodi a pou Nouyòkè yo pran prekosyon pandan gwo tanpèt zèklè ak loraj yo. An plis de avètisman pou chalè ekseksif pandan wikenn sa, Sèvis Metewolojik Nasyonal lan te prevwa anpil lapli ak gwo tanpèt pou anpil kote nan Eta New York lan, pou jou Samdi ak Dimanch. Tanpèt yo pral kapab pote gwo lapli, rafal van ak zèklè. Pandan twa dènye jou ki sot pase yo, kout zèklè te koze twa moun mouri epi kat lòt blese. Nan Mèkredi, de moun te mouri nan Konte Genesee apre yon kout zèklè te fin frape yo, epi nan Vandredi, senk moun nan Konte Westchester te viktim enpak kout zèklè – ki te touye yon moun epi blese sevèman kat lòt.

“Pandan ke kondisyon metewolojik grav ap frape eta a, Nouyòkè ki nan kominote ki afekte yo ta dwe pran anpil prekosyon epi evite fè vwayaj ki pa nesèsè,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se premye priyorite nou, epi leta ap kontinye siviye sityasyon an de prè. Mwen voye tout kondoleyans mwen bay fanmi sila yo ki pèdi lavi yo pandan tanpèt la, epi mwen swete yon bon retablisman total epi rapid pou sila yo ki te blese.”

Tout tanpèt yo pwodwi zèklè epi yo danjere. Gwo tanpèt yo vwayaje a yon vitès rapid, avèk gwo van ki an eksè ki genyen 58 mph, oublyen grèl ki pi gwo pase $\frac{3}{4}$ de dyamèt. Souvan, lè kondisyon metewolojik yo favorab, tanpèt sa yo konn rive ak ti avètisman piti. Nan ka sa, Nouyòkè yo dwe rete atantif, epi pran mezi prekosyon yo lè yo deyò, oubyen lè y’ap vwayaje nan rejyon kote yo te prevwa kondisyon metewolojik ki grav yo pou wikenn sa.

Dapre Sèvis Metewolojik Nasyonal lan, kout zèklè frape Etazini an mwayèn plis pase 25,000 fwa chak ane, epi blese oubyen tiye an mwayèn 49 moun chak ane. Nan ane 2016 lan sèlman, plis pase 25 moun te blese oubyen mouri akòz kout zèklè.

Divizyon Sèvis Ijans ak Sekirite Nasyonal lan te rekòmande kèk demach bazik pou kapab rete an sekirite pandan peryòd gwo tanpèt yo:

Kisa Ou Ta Dwe Konnen

- Kout zèklè yo tiye plis moun nan peyi sa chak ane ke tònad yo. Espas deyò yo se kote ki pi danjere ou kapab ye pandan yon gwo tanpèt.
- Rete atantif. Koute Radyo Metewo NOAA oubyen chèn TV lokal ak estasyon radyo yo pou dènye enfòmasyon siveyans ak avètisman yo sou gwo tanpèt yo.
- Lè kondisyon yo favorab pou kondisyon metewolojik grav yo devlope, Sèvis Metewolojik Nasyonal lan ap fè soti yon avi siveyans pou gwo tanpèt yo.

- Si yo anonse gwo tanpèt ak kout zèklè, planifye yon aktivite altènatif oubyen konnen ki kote ou kapab abrite'w rapidman.

Telechaje NY-Alert

NY-Alert se sistèm alèt gratis eta, ki baze sou souskrisyon, ki pou tou danje yo, epi ke ou ka pèsonalize. Alèt yo, tankou enfòmasyon enpòtan konsènan kondisyon metewolojik grav yo, kapab resevwa apati kourye elektwonik epi tou voye sou telefòn selilè ou apati mesaj tèks. Pou kapab souskri, vizite sitwèb NY-Alert lan nan: <https://www.nyalert.gov/>. Pou plis enfòmasyon sou NY-Alert lan, vizite pay FAQ lan nan: <https://www.nyalert.gov/faq>.

Chèche Abri Sekirize yo

Yon kay oubyen lòt batiman solid ofri pi bon pwoteksyon kont kout zèklè. Pou yon abri kapab bay pwoteksyon, li dwe genyen yon mekanism ki pou kondwi kouran elektrik lan soti nan pwen kontak lan pou ale nan tè a. Mekanism sa yo kapab deyò batiman an, konstwi anndan mi batiman an, oubyen yon konbinezon ant toulède. Deyò a, kout zèklè yo kapab vwayaje nan kouch eksteryè batiman an, oubyen kapab swiv kanivo metalik yo epi desann nan tè a. Anndan batiman an, kout zèklè yo kapab vwayaje nan bagay ki kondwi kouran yo tankou kab elektrik, sistèm plonbri, ak kab telefòn yo pou ale nan tè a.

Evite Abri Ki Pa Sekirize yo

Amwens ke li te bati espesyalman pou'l sekirize kont kout zèklè, batiman piti yo fè tikal efò, pou pa di anyen, pou pwoteje okipan li yo kont kout zèklè. Anpil ti abri ki ekspoze nan chan atletik yo, tèren gòlf yo, pak yo, espas piknik bò wout yo, lakou lekòl yo ak lòt kote ankò, te bati pou pwoteje moun kont lapli ak solèy, men pa kont kout zèklè. Yon abri ki pa genyen sistèm plonbri oubyen kab ki pase nan mitan li, oubyen kèk lòt mekanism ki pou kondwi kout zèklè soti nan twa pou desann nan tè a, yo pa sekirize epi moun ta dwe evite yo pandan tanpèt yo.

Si Ou Deyò

- Siveye syèl la. Sive syèl tan k'ap maske yo, ti ekla zèklè yo, oubyen van ki ap ogmante, ki kapab siy de yon tanpèt k'ap apwoche.
- Tande son loraj yo. Menm lè syèl la ble epi li klè, rete atantif. Kout zèklè yo kapab vwayaje sou yon distans 16 km. Si ou kapab tande kout loraj, ale nan yon abri sekirize imedyatman.
- Lè ou wè kout zèklè oubyen tande kout loraj, oubyen lè ou remake tan maske, ranvwaye aktivite yo imedyatman. Pa rete tann lapli. Kout zèklè yo konn frape souvan a yon distans rive 16 km de kote lapli ap tonbe an. Rantre rapidman anndan yon batiman ki konplèman fèmen. Si batiman ki fèmen yo pa konvenab, rantre anndan yon machin ki gen twa solid ki konplètman an metal.
- Prensip gid sekirite kont kout zèklè an se règ 30-30 lan. Premye 30 lan reprezante 30 segond. Si espas tan ant pandan ou wè ekla zèklè an epi koute kout loraj lan se 30 segond ou mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Si ou potko fè sa, al abrite'w imedyatman. Dezyèm 30 lan reprezante 30 minit. Apre dènye ekla zèklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nan abri ou an.
- Si ou wè oubyen tande yon tanpèt k'ap vini, oubyen santi cheve ou yo kanpe, sispann aktivite ou yo imedyatman, sispann jwèt oubyen lòt pratik ou yo, epi mande tout moun pou yo rantre anndan yon batiman ki solid oubyen yon machin.

- Bese mete kò'w kòm pwen ki pi ba a. Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Nan montay yo si ou sitiye pi wo ke liy pye bwa yo, OU SE bagay ki pi wo an. Kouri desann pi ba ke liy pye bwa yo, epi rante nan mitan ti pye bwa piti yo. Pa mete tèt ou kòm dezyèm bagay ki pi wo an pandan yon tanpèt ak kout zèklè! Akwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yon abri, rete lwen pye bwa yo. Si pa gen abri, akwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.
- Evite apwiye sou machin yo. Desann bisiklèt ak motosiklèt yo.
- Soti nan dlo yo, plaj yo epi soti nan ti bato ak kannòt yo. Si ou bloke nan yon bato, akwoupi nan mitan bato an epi lwen aparèy metalik yo. Evite kanpe nan flak dlo yo, menm si ou gen bòt kawotchou nan pye ou.
- Evite metal yo. Lage atè valiz ki an metal yo epi rete lwen liy metal pou tann rad yo, barikad yo, ak anga ki ekspoze yo. Pa kenbe atik metalik yo tankou baton gòlf yo, liy pou lapèch yo, rakèt tenis yo oubyen zouti yo. Gwo bagay an metal yo kapab kondwi kout zèklè. Ti bagay an metal yo kapab koze ou boule.
- Rete lwen gwoup moun yo. Rete a kèk mètr de lwen de lòt moun yo. Pa pataje yon ban oubyen rasanble ak yon gwoup moun.

Si Ou Lakay ou

- Si ou gen yon telefòn fiks, evite kontak ak li. Itilizasyon telefòn yo se prensipal kòz blese nan kay akòz zèklè nan Etazini. Kout zèklè yo ka sikile yon long distans nan alafwa kab kouran ak kab telefòn yo, an patikilye nan zòn riral yo.
- Rete lwen fenèt ak pòt yo, epi rete lwen galri yo pliske yo kapab bay kout zèklè yo wout pou yo rantre nan kay la.
- Evite kontak ak ekipman elektrik yo oubyen kòd yo. Si ou planifye dekonekte yon ekipman elektwonik, fè sa avan tanpèt lan rive.
- Evite kontak ak sistèm plonbri yo. Pa lave men ou, pa al benyen, pa lave veso, epi pa fè lesiv.
- Pa ret kouche atè sou yon planche garaj paske li kapab genyen yon kab fil elektrik. An jeneral, sousòl yo se kote sekirize ke ou kapab ale pandan tanpèt yo. Sepandan, evite kontak ak mi yo ki kapab genyen ba fè metalik ki pou ranfòse yo.
- Mete bèt domestik ou yo anndan avan tanpèt la rive. Kay chen yo pa pwoteje kont kout zèklè. Chen ki anchene nan pye bwa yo oubyen nan kab metalik yo kapab viktim fasilman de yon kout zèklè.

Si Yon Moun Te Frape Pa Kout Zèklè

- Rele 911 oubyen sèvis anbilans lokal ou an. Al pran swen medikal le pli vit posib. Bay premye swen. Si viktim lan sispann respire, kòmanse bay sèvis reanimasyon respirasyon. Si kè li sispann bat, yon moun ki antrene dwe bay CPR. Si moun lan gen pilsasyon epi ap respire, verifye lòt blese li yo.
- Verifye si gen kote li boule. Moun ki blese an te resevwa yon chòk elektrik epi li kapab boule. Lè zèklè frape ou, sa kapab koze tou domaj nan sistèm nève ya, kase zo, epi pèdi ekout oubyen vizyon. Moun ke zèklè frape yo pa kenbe chaj elektrik ki ka frape lòt moun. Ou kapab ekzamine yo san okenn risk.
- Pou plis enfòmasyon sekirite, vizite sitwèb Divizyon Sèvis Ijans ak Sekirite Nasyonal la nan: <http://www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/index.cfm>.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418